



Pou Piblikasyon Imedya: 10/09/2018

GOUVÈNÈ ANDREW M. CUOMO

## GOUVÈNÈ CUOMO ANONSE PRIM SIBVANSYON KONDISYONÈL POU PLIS PASE 1,200 INITE DEVLOPMAN LOJMAN SIPÈVIZE

***182 Prim Sibvansyon Kondisyonèl pral Ofri Patnè Kominotè nan 43 Konte Finansman pou Sipòte Depans Sèvis ak Operasyon pou Lojman Sipèvize yo***

***Prim Sibvansyon yo ap fè Eta Kontinye Rete Anavans Delè nan Plan Anbisye 5 an, 2.6 Milya Dola Gouvènè a Genyen pou l Devlope 6,000 Inite Lojman Sipèvize***

***Benefisyè Elijib yo pral resevwa Jiska 25,000 Dola pou Chak Inite Lojman Sipèvize***

Jodi a, Gouvènè Andrew M. Cuomo te anonse 182 prim sibvansyon kondisyonèl pou plis pase 1,200 inite lojman sipèvize pou moun sanzabri ki gen bezwen espesyal, kondisyon ak lòt defi espesyal yo. Prim sibvansyon yo pral ofri fon pou finansman sèvis sipò ak operasyon pou 116 patnè kominotè nan 43 konte toupatou atravè Eta a. Sa se twazyèm faz prim sibvansyon Inisyativ Lojman Sipèvize Empire State la (Empire State Supportive Housing Initiative), ki fè pati angajman 5 an, 2.6 milya dola Gouvènè a pran pou l devlope 6,000 inite lojman sipèvize nan Eta New York.

“Inisyativ Lojman Sipèvize Empire State la ap ofri anpil milye moun estabilite ak sèvis yo bezwen pou yo viv lavi pwodikтив”, **Gouvènè Cuomo te deklare.** “Administrasyon sa a te pran yon angajman istorik pou mete fen a pwoblèm sanzabri a epi asire ke menm Nouyòkè ki pi vilnerab yo gen aksè a lojman abòdab, sa k ap rann kominote toupatou atravè eta a yo pi sekiritè pou tout moun.”

“Nan kad Inisyativ Lojman Sipèvize Empire State la, nou ap asire ke nou ofri Nouyòkè ki pi vilnerab yo lojman ak sèvis sipò yo”, **Gouvènè Adjwen an Kathy Hochul te deklare.** “Nou ap fè anpil investisman konsiderab nan kad efò nou ap fè pou nou mete fen a pwoblèm sanzabri a toupatou atravè eta, epi prim sibvansyon jodi a yo pral finansman depans pou lojman sipèvize nan 43 konte pou asire ke nou ofri moun sanzabri ki gen bezwen espesyal yo resous yo bezwen pou yo mennen lavi estab ak pwodikтив.”

Depi lè Gouvènè Cuomo te anonse Plan Lojman (Housing Plan) monimantal 20 milya dola li a nan Diskou Eta Leta 2016 la, New York gentan bay finansman pou konstriksyon ak/oswa operasyon 3,098 inite lojman sipèvize deja nan sèlman dezan. Dènye faz prim sibvansyon Inisyativ Lojman Sipèvize Empire State la se kontra ki renouvlab chak senkan pou finansman depans sèvis ak operasyon yo nan omwen 1,200

inite lojman sipèvize adisyonèl, sa k ap fè kantite inite yo finanse yo rive plis pase 4,200 inite ototal nan sèlman twa zan.

Benefisyè elijib yo pral resevwa jiska 25,000 dola nan fon pou sèvis ak operasyon pou chak nouvo inite lojman sipèvize. Prim sibvansyon yo pral ede aplikan yo sekirize kapital atravè Renovasyon Kay ak Kominote Eta New York la ak Pwogram Asistans Lojman pou Sanzabri a (Homeless Housing Assistance Program) pou yo finanse devlopman ak konstriksyon pwojè lojman sipèvize yo a.

Nan twazyèm faz prim sibvansyon sa a yo, yo te bay aplikan yo enstriksyon pou yo swiv pou yo demontre kijan pwopozisyon yo pral ede popilasyon espesifik yo, pami yo veteran ki sanzabri ansanm ak fanmi yo: viktim vyolans domestik yo; sitwayen granmoun aje ki frajil oswa ki andikape yo; jèn adilt ki te nan prizon yo, sityasyon sanzabri oswa fanmi dakèy yo; fanmi ak moun ki nan sityasyon sanzabri kwonik yo; moun ki gen andikap entelektyèl oswa devlopmantral yo; ak moun ki ap viv ak VIH oswa SIDA, ki gen maladi mantal grav ak/oswa twoub toksikomani yo.

Sibvansyon yo anonse jodi a gen dwa sèvi pou ofri popilasyon sib ki kalifye yo asistans pou lwaye ak sèvis pou garanti yo gen lojman estab, tankou paregzanp:

- Sèvis swen sante primè ak konpòtman yo;
- Fòmasyon ak/oswa asistans pwofesyonèl ak pou anplwa;
- Asistans Edikasyonèl, ki gen la sipò pou GED;
- Devlopman ak sipò pou konpetans parantal;
- Asistans swen pou timoun;
- Konsèy sikolojik ak entèvansyon kriz;
- Sèvis pou timoun, ki gen ladan defans edikasyon sipò ak konsèy sikolojik; ak
- Sèvis oswa pèsònèl pou idantifye ak jwenn moun ki elijib ki bezwen lojman yo.

Lis founisè sèvis ki te resevwa prim sibvansyon kondisyonèl yo disponib [isit la](#).

**Senatè Betty Little, Prezidan, Komite Sena a sou Lojman, Konstrikasyon ak Devlopman Kominotè (Senate Committee on Housing, Construction and Community Development) te deklare,** “Lojman sipèvize yo konekte moun ak lojman sekirite, rezonab ak abòdab, ki ofri sèvis enpòtan k ap ede yo mennen lavi ki pi an sante ak pi pwodiktiv. Se poutèt sa mwen te kontan anpil pou m fè patenarya ak kòlèg mwen yo nan Lejislati a, ak Gouvènè pou nou finanse Inisyativ Lojman Sipèvize Empire State la, k ap asire New York rete angaje pou n ede moun yo simonte obstak ki anpeche yo jwenn lojman estab yo”.

**Senatè Robert G. Ortt, Prezidan Komite Sena a sou Sante Mantal ak Andikap Devlopman (Senate Committee on Mental Health and Developmental Disabilities) te deklare,** “Pandan twò lontan, aksè a lojman estab te yon obstak pou moun ki pi vilnerab nan sosyete nou yo epi sa te anpeche yo konplètman entegre nan pwòp kominote kote yo rete yo. Nou konnen ke li enpòtan anpil pou moun gen yon kote sekirite pou yo repoze yo apre yon jounen travay di epi li pa ta dwe diferan pou moun ki bezwen lojman sipèvize yo. Prim sibvansyon sa yo pral asire ke sila ki gen bezwen

asistans adisyonèl yo gen aksè a yon rezidans sekirite, k ap pèmèt yo konsantre sou fason pou rann kominote ozalantou yo vin tounen yo pi bon kote”.

**Manm Asanble Michael G. DenDekker, Prezidan, Komite Asanble a sou Zafè Veteran (Assembly Committee on Veterans’ Affairs) te deklare,** “Mwen ta renmen remèsye Gouvènè Cuomo ak Biwo Sante Mantal Eta New York la paske yo ap pouswiv plan senkan, 2.6 milya dola pou lojman sipèvize a. Li enpòtan anpil pou nou ofri sèvis sosyal, pou granmoun aje yo, veteran yo, rezidan ki souffri toksikomani ak plizyè lòt pwoblèm sante mantal yo. Pwogram sa a pral kreye lojman sekirite, abòdab, ki ofri sèvis sipò pou Nouyòkè ki pi vilnerab yo”.

**Senatè George Amedore, ki se Prezidan Komite Pèmanan sou Alkolis ak Toksikomani nan Sena a (Senate Standing Committee on Alcoholism and Substance Abuse), te deklare,** “Sekirite lojman se yon eleman enpòtan anpil pou ede sila k ap simonte pwoblèm adiksyon an yo rete sou chemen retablisman. Inite lojman sipèvize sa yo pral asire manm ki pi vilnerab nan kominote nou yo gen aksè a sipò ak sèvis yo bezwen pou ede yo remete yo sou de pye yo”.

New York gen plis lojman sipèvize pase tout lòt eta nan nasyon an. Lojman sipèvize se yon pilye enpòtan pou moun ki gen andikap ak lòt defi sikonstans lavi yo, sa k ap ofri yo lojman estab, pèmanan, ak sèvis sou plas. Founisè sèvis yo ap travay ak lokatè yo pou asire sèvis ak tretman apwopriye yo disponib pou ede yo mennen lavi endepandan.

Prim sibvansyon yo pral reponn a bezwen tout popilasyon ajans ki nan Gwoup Travay Ant Ajans (Interagency Workgroup) Inisyativ Lojman Sipèvize Empire State a sèvi yo, ki gen ladan biwo ki annapre yo:

- Biwo Sante Mantal (Office of Mental Health)
- Depatman Sante (Department of Health) avèk ladan Enstiti SIDA a (AIDS Institute);
- Biwo Renovasyon Kay ak Kominote Eta New York (New York State Homes and Community Renewal);
- Biwo Sèvis pou Alkolis ak Toksikomani (Office of Alcoholism and Substance Abuse Services);
- Biwo Sèvis Timoun ak Fanmi yo (Office of Children and Family Services);
- Biwo pou Prevansyon Vyolans Domestik (Office of the Prevention of Domestic Violence);
- Biwo pou Asistans Tanporè ak Andikape an (Office of Temporary and Disability Assistance); ak
- Biwo pou Moun Ki Gen Andikap Devlopmantral yo (Office for People with Developmental Disabilities).

###

W'ap jwenn lòt nouvèl ki disponib sou sitwèb [www.governor.ny.gov](http://www.governor.ny.gov)  
Eta New York | Chanm Ekzekitif | [press.office@exec.ny.gov](mailto:press.office@exec.ny.gov) | 518.474.8418

[ANILE ENSKRIPSYON OU](#)

